



# Manicaland HIV/STD Prevention Project

## Epidemic Status Report 2023

Biomedical Research & Training Institute, Number 10 Seagrave Rd, Avondale, Harare, Zimbabwe Tel: 04735000/02 & Stand 18, Mutasa D.C., P.O. Box Hauna 3449, Zimbabwe, Tel: 0228 2230.

-For

### NYAZURA AND SURROUNDING AREAS

---

#### MAVAMBO/NHANGANYAYA

Round 7 yakaitwa kubva muna July 2018 kusvika October 2019, round 8 yakaitwa kubva muna February 2021 kusvika July 2021 (munguva yeCovid-19), uye round 9 yakaitwa kubva muna July 2022 kusvika December 2022 (apo njodzi yeCovid-19 yakadzikira nekuda kwekubaiwa majekiseni ekuidzimirira uye nekuda kwekunyuka kwemhando dzeCovid 19 idzo dzakanga dziine njodzi shoma). Gwaro iri rinoratidza dudziro pamusoro peutachiona hwe-HIV, zvirwere zvepabonde (STDs), uye ruzivo rwe-HIV nezvirwere zvepabonde zvichienderana nezvikamu zvitatu zve-round 7, 8 ne-9. Mu-round 8 ne-round 9, mune imwe mibvunzo yakawedzerwa inotaura nezve Covid-19. Pazvikamu zviriri izvi zveongororo, zvakanangana nemamiriro euwanda hwe-HIV zvakabva pamhinduro yemibvunzo yataibvunza kune vakanga vari vatsva paongororo iyi neavo vakanga vasina utachiona panguva yatakapedzisira kukurukura navo.

#### NZVIMBO DZAKAITIRWA ONGORORO IYI

Ongororo iyi yakaitwa munzvimbo dzinotevera dzinoti West Valley, Nyazura 1-161, Mahere uye kuNyazura new builds. Nhamba yevakuru vakapinda muchirongwa muround 7 yaiva 1,446, mu-round 8 vakaita 1,239 uye muround 9 vaiva 1,352. Uwanda hwevanhu vakapinda muongororo iyi hwaisiyana siyana nekuda kwekutama kwevanhu kubva munzvimbo uye nekushanduka kwaiita vanotarisirwa kupinda muongororo.

#### ZVINHU ZVIKURU ZVAKABUDA MUONGORORO INO

- Zvikamu gumi kubva muzana zvevanhurume (10%) uye zvikamu gumi nezvitatu kubva muzana zvevanhukadzi (13%) vakawanikwa vaine utachiona hwe-HIV mu-round 9 (July-December 2022)
- Muzvikamu zvese zvitatu zveongororo idzi, uwanda hweutachiona hwe-HIV hwaive hwakakwira muvanhurume nevanhukadzi vakaita shamwari dzakawanda dzepabonde muopenyu hwavo.
- Kwakava nekuwedzera kukuru pauwanda hwevanhurume nevanhukadzi vanoti vakanoongororwa Covid-19, vakawanikwa vaine chirwere ichi uyewo vakabaiwa nhomba yokudzimirira Covid-19 pakati pe-round 8 (nguva yeCovid-19) ne-round 9 (nguva apo Covid-19 yakaderera)
- Chikamu chevanhukadzi vadiki vari pakati pemakore gumi nemashanu nemakore gumi nemapfumbamwe (15-19) avo vakatanga kuita zvepabonde chakadzikira kubva pazvikamu makumi maviri nesere (28%) mu-round 7 ('Covid-19 isati yatanga') kusvika pazvikamu makumi maviri nechimwe (21%) mu-round 8 ('panguva yeCovid-19') ndokukwira zvisvishoma kusvika pazvikamu makumi maviri nezvishanu (25%) mu-round 9 ('apo Covid-19 payakaderera')
- Pakati pevanhukadzi vane shamwari dzepabonde itsva dzisiri dzemazuva ose, chikamu chevakaita bonde risina kudzimirirwa nevadiwa vavo chakadzika kubva pazvikamu makumi masere nezvitatu kubva muzana (83%) mu-round 7 ('Covid 19 isati yatanga') nezvikamu makumi mapfumbamwe nechimwe kubva muzana (91%) mu-round 8 ('panguva yeCovid-19') kusvika pazvikamu makumi manomwe nezvina kubva muzana (74%) mu-round 9 ('apo Covid-19 payakaderera'), Chikamu chevanhukadzi ava chaishandisa pre-exposure prophylaxis (PrEP) chakawedzera zvikuru kubva pazvikamu gumi nezvina kubva muzana (14%) mu-round 7 ('Covid-19 isati yatanga') kusvika pazvikamu makumi maviri kubva muzana (20%) mu-round 8 ('panguva yeCovid-19') uyewo zvikamu makumi maviri nezvinomwe kubva muzana (27%) mu-round 9 ('apo Covid-19 payakaderera')

- Vanhurume vashoma vaive neshamwari dzinodarika imwechete dzepabonde mumwedzi waiva wapfuura kubva apo vakabvunzwa mu-round 8 (zvikamu zvitatu nezvidimbu zvitatu zvegumi kubva muzana (3.2%) 'munguva yeCovid-19') pane mu-round 7 (zvikamu zvina nechidimbu chimwe chegumi kubva muzana (4.1%) 'Covid-19 isati yatanga'). Chikamu chakawedzera zvishoma kusvika pazvikamu zvina kubva muzana (4%) mu-round 9 ('apo Covid-19 payakaderera').
- Zvekuongororwa utachiona hwe-HIV zvakawedzera zvishoma kuvanhurume uye zvakadzikira zvishoma kuvanhukadzi panguva yeCovid-19
- Uwandu hwevanhu vaiva vachirarama neutachiona hwe-HIV vari pa-ART hwakaramba huri pamusoro munguva yose yeCovid-19



# NYAZURA GRAPHS

